

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, hasil panalungtikan dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping* kagolong can mampuh kalayan rata-rata peunteunna nyaéta (48,00) tina KKM 75, hartina masih di handap KKM. Tina 31 siswa ngan aya hiji siswa (3,23%) sésana 30 siswa (96,77%) can ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana skor kana aspék nulis sisindiran nyaéta organisasi eusi, diksi (pilihan kecap), purwakanti, guru wilangan, éjahan jeung karapihan tulisan. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék organisasi eusi kagolong kurang rata-rata skorna (2,66) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék diksi atawa (pilihan kecap) kagolong kurang rata-rata skorna (2,03) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék purwakanti kagolong kurang rata-rata skorna (2,09) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék guru wilangan kagolong kurang rata-rata skorna (2,06) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék éjahan kagolong kurang rata-rata skorna (2,61) tina skor maksimumna (5,00), sarta dina aspék karapihan tulisan kagolong kurang rata-rata skorna (2,87) tina skor maksimumna (5,00). Katitén tina genep aspék nu aya, rata-ratana bisa disebut kurang atawa can mampuh nulis sisindiran kalawan bener.
- 2) Kamampuh nulis sisindiran sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping* kagolong mampuh kalayan rata-rata peunteunna nyaéta (86,06) tina KKM 75, hartina geus leuwih ti KKM. Tina 31 sakabéh siswa geus bisa ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana skor kana aspék nulis sisindiran nyaéta organisasi eusi, diksi (pilihan kecap), purwakanti, guru wilangan, éjahan jeung karapihan tulisan. Kamampuh nulis sisindiran dina aspék organisasi eusi kagolong hadé rata-rata skorna (4,59) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék diksi atawa (pilihan kecap) kagolong hadé rata-rata skorna (4,27) tina skor maksimumna

(5,00), dina aspék purwakanti kagolong hadé rata-rata skorna (4,35) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék guru wilangan kagolong hadé rata-rata skorna (4,17) tina skor maksimumna (5,00), dina aspék éjahan kagolong hadé rata-rata skorna (4,16) tina skor maksimumna (5,00), sarta dina aspék karapihan tulisan kagolong hadé rata-rata skorna (4,24) tina skor maksimumna (5,00). Katitén dina genep aspék sadayana ngaronjat, aspék nu paling ngaronjat nyaéta organisasi eusi ti (2,09) ka (4,35).

- 3) Béda signifikan atawa henteuna antara hasil *pre-test* jeung *post-test* antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*. Dumasar hasil *pre-test* kamampuh nulis sisindiran siswa kagolong can mampuh (48,00). Sedengkeun dumasar hasil *post-test* kamampuh nulis sisindiran siswa kagolong mampuh (86,06), sakabéh siswa asup kana kategori mampuh. Dumasar hasil uji statistik nilai signifikansi (Sig. 2-tailed) nyaéta ($0,000 < 0,05$) atawa kurang ti 0,05. Ku kituna, H_1 ditarima atawa H_0 . Hartina aya béda nu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 taun ajaran 2019/2020 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

5.2 Implikasi

Modél *Mind Mapping* dilarapkeun dina nulis sisindiran. Larapna modél *Mind Mapping* meunang sawangana nu positif ti siswa jeung guru, kusabab dina prak-prakanna ieu modél ngirut jeung bisa muka pamahaman nu jembar dina mikanyaho hiji konsép . Ieu modél ogé nyieun siswa bisa boga daya kreatif anu tan wates wangen dina nyieun *Mind Mapping* sisindiran, siswa bisa ngaéksplorasi jeung ngaimajinasikeun konsep nu aya jeung teu kaluar tina ugeran konsép.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan modél *Mind Mapping* dina nulis sisindiran, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan yén modél *Mind Mapping* bisa dijadikeun alternatif ku guru hususna dina pangajaran nulis sisindiran, umumna dina pangajaran basa Sunda.
- 2) Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, kukituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu modél ku ambahana nu leuwih lega nyaéta ngagunakeun metode ékspérimén murni.
- 4) Keur panalungtik satuluyna, dipiharep bisa leuwih asak tur hadé dina nataharkeun panalungtikan.
- 5) Kudu bisa boga téhnik sangkan sakabéh murid miboga peran aktif dina nyieun *Mind Mapping*.